



The message below is the Haitian Creole translation of the message announcing the [extension and redesignation of TPS for Haiti](#) that was distributed in English on Dec. 5, 2022.

## Ekstansyon ak Redezinyasyon TPS Pou Ayiti

Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, DHS) anonse jodi a ekstansyon ak redézinyasyon Ayiti pou Eitati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, TPS) pou 18 mwa soti 4 Fevriye 2023 jiska 3 Out 2024. Moun ki gentan ap viv nan Etazini depi 6 Novanm 2022 ap elijib pou TPS nan kad redézinyasyon Ayiti. Ayisyen ki rantré Etazini apre 6 Novanm 2022, ak sila ki fenk rantré yo, pa elijib pou TPS.

Nou pral pibliye yon avi Rejis Federal ki pral eksplike pwosedi nesèsè pou yon moun enskri ankò nan kad ekstansyon an oswa soumèt yon enskripsyon inisyal nan kad redézinyasyon epi mande yon Dokiman Otorizasyon Travay (Employment Authorization Document). Moun ki ap aplike pou TPS yo bezwen tann piblikasyon avi Rejis Federal (Federal Register) avan yo depoze yon aplikasyon pou TPS. Moun ki rezide Etazini depi 6 Novanm 2022 epi ki gen yon aplikasyon pou TPS annatant pa bezwen depoze yon lòt ankò nan moman sa.

### Plis Enfòmasyon

DHS ap planifye epi kowòdone opòtinite pou sansibilizasyon konsènan ekstansyon ak redézinyasyon TPS pou Ayiti pou ka bay enfòmasyon ak pou reponn kesyon yo nan men piblik la.

Pou nenpòt enfòmasyon aktyèl ki gen rapò ak Eitati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, TPS), vizite nou sou [TPS webpage](#).

Pou plis enfòmasyon sou Sevis Sitwayente ak Imigrasyon Etazini (U.S Citizenship and Immigration Services, USCIS) ak pwogram yo, tanpri vizite [uscis.gov](#) oswa suiv nou sou [Twitter](#), [Instagram](#), [YouTube](#), [Facebook](#) and [LinkedIn](#).